Pou Piblikasyon Imedya: 17/12/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA IJANS NAN DIZIT KONTE PLISKE TANPÈT IVÈNAL VOYE JISKA DE PYE NÈJ NAN MAJORITE KOTE NAN NOUVO YORK

Eta ijans akoz katastwòf deklare nan konte Albany, Broome, Chenango, Columbia, Delaware, Dutchess, Greene, Montgomery, Orange, Otsego, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Ulster, ak konte Washington

Lapolis Eta a reponn ak plis pase 600 aksidan ak machin ki anpán toupatou nan eta a lannwit la, ki gen ladan de aksidan fatal

Limite vitès la te Thruway Redwi a 45 MPH soti nan Syracuse rive NYC; Depatman Transpò a aplike vitès konsiltatif 45 MPH sou koridò kle otowout yo

Remòk traktè vid ak tandem yo entèdi nan Eta New York Thruway nan Sid Soti 24, nan I-84 depi nan Liy Eta Connecticut pou rive nan Liy Eta Pennsylvania, nan I-684 ant I-84 ak I-287, epi sou Route 17 ant I-84 ak I-81 ki ap leve apati 11 a.m.

Remòk traktè vid ak tandem yo entèdi sou tout pon ak tinèl MTA yo ki dwe leve a 4 p.m.

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te deklare yon eta ijans nan dizwit konte nan New York pandan yon gwo tanpèt ivènal te kontinye afekte majorite pati nan eta a, jete plis pase de pye nèj atravè yon pakèt zòn nan eta a. Espesyalman, konte ki enkli nan deklarasyon an se Konte Albany, Broome, Chenango, Columbia, Delaware, Dutchess, Greene, Montgomery, Orange, Otsego, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Schoharie, Sullivan, Tioga, Ulster ak Konte Washington. Ajans transpò eta deja aplike tou yon kantite restriksyon vwayaj ak rediksyon limit vitès. Nou rekòmande Nouyòkè yo pou yo kontinye kontwole rapò sou move tan lokal yo pou mizajou yo epi evite nenpòt vwayaj ki pa nesesè pliske kondisyon pou kondwi yo rete danjere nan anpil pati nan eta a.

"Avèk yon gwo pòsyon nan eta a ki ap kontinye fè fas ak gwo lanèj ak kondisyon pou kondwi ki danjere anpil, mwen ap deklare yon eta dijans nan dizwit konte atravè Southern Tier, Mohawk Valley, Rejyon Kapital ak Rejyon Mid-Hudson yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouyòkè yo pa etranj nan sa ki gen pou wè ak move tan ivènal epi nou pral travèse moman sa a jan nou toujou fè sa. Nou gen dè milye pèsonèl ak ekipman ki angaje nan operasyon yo nan tout eta a epi nou pral kontinye fè tout sa nou

kapab pou ede kominote yo jiskaske travay la fèt. Antretan, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo rete lakay yo epi evite nenpòt vwayaj ki pa nesesè pou ekip chas nèj ak ekip wout yo ka netwaye wout yo pi vit epi san danje jan sa posib."

Yo deja redui limit vitès sou Thruway la apati Sòti 36 nan Syracuse rive nan liy Vil New York a 45 mph (72 km alè), ansanm ak yon kantite lòt koridò otowout kle ki gen ladan:

- I-88
- I-87 (apati Sòti 1 rive nan Sòti 23)
- I-90 (apati Sòti 24 rive nan Berkshire Spur)
- I-787
- I-890
- Route 7 (apati I-87 rive nan Hoosick Street nan Rejyon Kapital)
- I-81 (soti nan liy fwontyè PA a rive nan Exit 9)
- I-84
- I-684
- Tout wout Panoramik Mid-Hudson yo
- I-86 (I-390 rive nan liy fwontyè konte Tioga)
- NY 17/I-86 (liy fwontyè konte Chemung rive nan liy fwontyè konte Orange)
- I-99

Entèdiksyon yo sou trelè vid ak tandem yo sou Thruway apati Sòti 24 nan Albany rive liy fwontyè Vil New York, Interstate 84 soti nan Liy fwontyè Eta Connecticut rive nan Liy fwontyè Eta Pennsylvania, Interstate 684 soti nan Interstate 84 rive Interstate 287 ak Route 17 soti nan Interstate 84 rive nan Interstate 81 yo deja leve apati 11 a.m. Entèdiksyon similè yo sou tout Pon ak tinèl MTA yo ap rete an plas jiska 4 p.m.

Pandan èdtan lannwit lan, te gen plis pase de pye nèj ki te tonbe nan majorite pati nan eta a, ak Southern Tier ki ap fè fas ak kanti lanèj total ki te tonbe. Binghamton jeneralman te resevwa 24 pous nèj, pandan ke Albany te resevwa 16 pous, Kingston te resevwa 14 pous, epi Vil New York te resevwa 8 pous. Tanpèt la ap kontinye deplase soti nan rejyon an jodi a ak nèj k ap tonbe nan midi. Gen kèk zòn ke yo prevwa ki ap resevwa yon lòt 4 a 8 pous nèj. Tanperati yo pral varye wo dizèn yo rive nan ba 20èn yo ak kondisyon vwayaj danjere pral pèsiste ak rafal van ki pral depase 24 kilomèt alè.

Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la pibliye plizyè alèt ak previzyon anvan tanpèt sa a. Nou egzòte Nouyòkè yo pou rete alèt ak siveye previzyon meteyo lokal yo pou kondisyon k ap chanje yo ak asire sekirite nan prepare fanmi ak kay yo pou move tan nan moman an. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewolojik yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation)
Depatman Transpò a kontinye deplase resous yo nan zòn ki afekte yo epi li ap reponn

avèk 3,587 sipèvizè ak operatè. Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyoritè yo. Tout ekipman S&I disponib yo prepare pou deplwaye. Kantite ekipman nan tout Eta a se konsa:

- 1613 gwo kamyon chasnèj
- 179 chasnèj mwayen
- 52 remòk chasnèj
- 311 gwo chajè
- 38 aparèy pou soufle nèj

Pou sipòte aktivite nèj ak glas nan zòn kritik yo, yon total 180 pèsonèl anplis nan rejyon nò, ki gen ladan: 164 operatè kamyon chasnèj ak 8 enstriktè operatè ekipman, ak 8 mekanisyen; epi 4 kamyon sèvis mekanik ap deplwaye. Yo distribiye yo konsa:

- Rejyon Kapital la ap resevwa 2 mekanisyen ak 1 kamyon sèvis mekanik
- Rejyon Mid-Hudson ap resevwa 67 operatè chasnèj, 6 sipèvizè, 4 enstriktè operatè ekipman, 2 mekanisyen ak 1 kamyon sèvis mekanik
- Southern Tier ap resevwa 12 operatè chasnèj, 2 enstriktè operatè ekipman
- Long Island ap resevwa 85 operatè chasnèj, 2 enstriktè operatè ekipman, 4 mekanisyen, 2 kamyon sèvis mekanik

Otorite Thruway (Thruway Authority)
Otorite Thruway la gen 682 sipèvizè ak operatè ki ki ap entèvni avèk 252 gwo chasnèj, 103 chasnèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 62 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 125,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas.

Anplis de sa, yo deja deplwaye uit gwo chas nèj ansanm ak 16 operatè ak 6 sipèvizè ki soti nan Divizyon Buffalo Thruway la, ansanm ak yon charyo remokè ak yon gwo souflèz nèj ki soti nan Divizyon Syracuse Thruway la nan ba rejyon Hudson Valley a pou sipòte operasyon nèj ak glas nan zòn yo ke yo prevwa total nèj yo ap pi wo.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl TRANSalert k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la isit la.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)
Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi yap swiv deprè kondisyon meteyowoljik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou

fè entèvansyon nan ka tanpèt. Ajans lan gen sis ekip siyè disponib pou deplwaman. Lapolis Pak gen 21 motonèj ak kat UTV a cheniy a kabin fèmen disponib pou deplwaman. Vizitè pak yo dwe gade parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC)
Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib, ki gen ladan motonèj, yo pare pou ede ak nenpòt repons ijans.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)
Sèvis piblik New York genyen apeprè 5,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout evènman tanpèt la epi li pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ke yo prevwa ki ka fè fas ak pi gwo enpak yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services)
Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la rete aktive akòz pandemi COVID-19 la epi pral siveye kondisyon meteyowolojik yo, kowòdone operasyon repons eta a epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Rezèv Eta yo prepare tou pou deplwaye resous yo nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la. Sa gen ladan ponp, si, sak sab ak dlo nan boutèy. Anba direksyon Gouvènè Cuomo, Biwo Eta pou Prevansyon ak Kontwòl Ensandi ap pare alavans twa veyikil a cheniy jodi a nan Rejyon Mid-Hudson pou ede patnè lokal yo avèk efò sovtaj ki nesesè.

Lapolis Eta
Depi lè tanpèt la te kòmanse nan mèkredi a, Lapolis Eta deja reponn a plis pase 600 aksidan ak machin ki anpán toupatou nan eta a, enkli de aksidan ki fatal. Lapolis Eta te ogmante kantite pèsonèl nan zòn ki afekte yo nan 20 pousan epi prepare pou li deplwaye Patwouy anplis jan sa nesesè nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat yo, motonèj yo, ak Veyikil Sèvis Piblik yo deja an pozisyon epi yo pare pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority)
Pèsonèl Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te deja travay di pandan tout nwit lan pou asire sèvis ki an sekirite epi ki fyab. Anplwaye MTA yo kontinye pwopaje sèl ak netwaye platfòm ak eskalye nèj ak glas yo, kenbe siyal, entèriptè, epi twazyèm ray ap fonksyone, elimine nenpòt pyebwa ki atè, epi fè fas ak tout defi ki gen rapò ak meteyo akoz tanpèt la.

Pon ak Tinèl MTA ki vid ak entèdiksyon trelè traktè tandem rete an plas jiskaske 4 p.m jodi a. Wout Fewovyè Long Island lan ap fonksyone selon yon orè wikenn ki amelyore.

Kliyan yo ankouraje evite vwayaj ki pa nesesè, tcheke mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon ekstrèm pandan y ap navige sistèm lan, espesyalman sou platfòm ak eskalye anplennè yo. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Metro-North Train Time ak Long Island Rail Road Train Time.

Otorite Pòtyè (Port Authority)
Otorite Pòtyè a egzòte otomobilis yo pou itilize pridans pandan tanpèt ivè semèn sa a; restriksyon sou vitès yo ka anvigè nan pon yo ansanm ak sou wout yo pou ale oswa tounen nan travèse yo.

Yo ap ankouraje vwayajè atravè ayewopò yo, tèminal bis la, ak estasyon bis Otorite Pòtyè a pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta, anilasyon ak refè rezèvasyon yo. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation
Anplwaye Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak anplwaye Canal Corporation yo te fè preparasyon regilye pou move tan ivènal anvan tanpèt iminan an pou asire tout enstalasyon, resous yo ak ekipman yo pare pou tanpèt. Otorite Enèji a prepare tou pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesesè.

Lòt konsèy sekirite

Vwayaje ansekirite
Li enpòtan pou chofè machin sou tout wout konnen vitès chas-nèj pa depase 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Otomobilis ak pyeton yo dwe sonje tou ke chasnèj yo deplase pi dousman pase vitès otowout yo epi otomobilis yo dwe itilize prekosyon lè y ap deplase toupre yo. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite pandan sezon ivè a gen ladan yo:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesesè.

- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòme sekouris yo sou kote w ye.
- Asire ou ke yon moun konnen plan vwayaj ou.

<u>Prepare otomobil ou pou ivè</u>

Prepare otomobil ou pou sezon ivè a kounye a ap ede asire ke otomobil ou nan bon kondisyon fonksyonman lè ou bezwen l piplis. Fè yon mekanisyen tcheke bagay annaprè yo nan machin ou:

- Batri
- Waypè ak likid pou lave winshil machin
- Antifriz
- Sistèm alimaj
- Tèmosta
- Limyè
- Sistèm echapman
- Kliyotan pou detrès
- Chofaj
- Fren
- Dejivrè
- Nivo lwil

Epi, asire tou ou:

- Enstale bon kawotchou nèj. Asire ke kawotchou yo gen ase semèl. Tout tanperati radyal yo jeneralman adekwat pou pifò kondisyon ivè. Ou ka vle tou gen yon pè chèn pou kawotchou nan machin ou pou lè gen gwo nèj.
- Kenbe yon gratwa pou vit machin ak yon ti bale pou retire glas ak nèj epi kenbe tank gaz ou omwen amwatye pandan tout sezon ivè a.
- Planifye vwayaj long yo avèk anpil atansyon. Koute rapò medya lokal yo oswa rele ajans sekirite piblik yo pou dènye enfòmasyon sou kondisyon wout yo.

<u>Kondwi ak prekosyon</u>
Prensipal kòz blesi ak lanmò pandan tanpèt ivè se aksidan transpò.

- Anvan l pran volan pandan sezon ivè sa, chak chofè machin te ka aprann yon leson nan men chofè otobis nou yo. Se yon bagay elemantè, men nou dwe kenbe machin nou yo san glas ni nèj sou yo. Bon vizyon se yon kle pou kondwi san danje.

- Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Ou dwe pi vijilan. Pa bliye, pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Anplis, toujou akòde vitès ou ak kondisyon wout la epi tan.

Si ou bare nan tanpèt la epi pa kapab kontinye deplase:

- Rete chita nan machin ou epi tann jouktan sèvis sekou yo jwenn ou.
- Fè motè machin ou mache pou yon titan pou ka rete cho. Kite vit ki pa bay van fas ouvri epi asire w mòflè w pa bouche ak nèj.
- Lè wap fè motè a mache kite limyè plafon an limen leswa pou bay sekouris yo siyal.
- Kwoke yon mòso twal oswa yon moso rad koulè klere sou machin ou an.
- Fè egzèsis tanzantan; detire bra, janm, dwèt ak zòtèy ou pou kenbe san ap sikile epi pou w rete cho.

Pou plis konsèy sou sekirite pandan ivè a, tanpri ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU